## Ádebiyatlar


1. Abdusamatov H. "Drama nazariyasi". – T.: Ǵ.Ǵulom nomidagi adabiyot va san'at nashriyoti, 2000.
2. Bayandiev T, Ikromov H, Ahmadjonova M. "O'zbek teatrida milliy g'oya talqini" – T., 2009.
3. Raxmonov M.P. "Ўзбек театри тарихи". T.: Fan, 1968
4. Umarov E. "Teatrda badiiy obraz yaratishning estetik tamoyillari"-Toshkent, 2011.
5. Usmonov R. "Rejissura" – T.: Fan, 1997.
6. Urazmbetova L. "Aktyor sheberligi" 2019 j. T. Fan ziyosi.



**РЕЗЮМЕ.** Maqola mazmunining asosini aktyorlik va rejissura san'ati borasidagi vorislik an'analari, ustozlar tajribalari tashkil etadi. Teatr san'atining tabiati spektaklning boshidan oxirigacha ijodiy hamfikrlikni va jonli hissiyotni talab qiladi. Pyesaning har bir so'zi, aktyorning har bir harakati, har bir mizan sahna yuqoridagi talabga bo'ysundirilishi kerak bo'ladi.

**РЕЗЮМЕ.** В основе содержания статьи лежат традиции преемственности в актерском и режиссерском искусстве, опыт педагогов. Природа театрального искусства требует творческого сотрудничества и живой эмоциональности от начала до конца спектакля. Каждое слово пьесы, каждое движение актера, каждая мизансцена должны быть подчинены вышеизложенному требованию.

**SUMMARY.** The basis of the content of the article is the traditions of succession in the art of acting and directing, and the experiences of teachers. The nature of theatrical art requires creative cooperation and lively emotion from the beginning to the end of the performance. Every word of the play, every movement of the actor, every mise-en-scene will have to be subordinated to the above requirement.


UDK.90-312; 2023

# QARAQALPAQ OYÍN ÓNERINIŃ RAWAJLANÍWÍNDA BALETMEYSTER E.PETROSOVANÍŃ TUTQAN ORNÍ HÁM ROLI


**Z.Yuldasheva** - *assistent oqıtıwshı*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanch so'zlar:** raqs, qo'l harakati, milliy rang, faollik, san'at.

**Ключевые слова:** танец, движение рук, национальный колорит, деятельность, искусство.

**Key words:** dance, hand movement, national color, activity, art.


Orta Aziya sahralarında qaraqalpaqlardı «birinshi shayırlar hám qosıq avtorları» dep esaplaǵan. «Mıńlaǵan ańızlar, povestler, qosıqlar hám gúrińler esap-sansız qaraqalpaqlar tárepinen saqlanıp kelgen» dep jazadı ullı qazaq alımı Shoxan Wáliyxanov hám qaraqalpaqlardı dawıslılar muzası dep ataǵan. Xalıqtıń kewlin kóteriw, ruwxlandırıwda, dúnyaǵa poetikalıq kózqarasları, onıń danalıǵı hám ruwxıy kúshi tek ǵana qosıqlarda emes ertekler, ápsanalar hám ańızlar arqalı sonıń menen bir qatarda, ámeliy kórkem óneriniń bay shıǵarmaları, xalıq oyınları, dástúrler, bayramǵa say máresimlerinde de óz kórinisin tapqan. Hátteki, adamlardıń kúndelikli turmısında da mádeniyat, gózzallıq sezimi hám miynetkesh xalıqqa bolǵan húrmeti sheksiz. Biraq, qaraqalpaqlardıń ráńbáreń, kóp janrlı dástúriy xalıq ámeliy kórkem ónerinde, xalıq teatr yamasa oyın óneri bolmaǵan. [1.Энциклопедический музыкальный словарь, B.352] Bunıń sebebi bar: qaraqalpaq xalqınıń táǵdiri awır hám qıyın keshken.

Yarım kóshpeli turmıs tárizi, basqa xalıqlar menen bárhama soqlıǵısıwı, kelispewshilikleri, tez-tezden ulıwma xalıqtıń kóship júriwleri, qáwimlerdiń qarama-qarsılıqları, aqıbetinde sheksiz gúreslerden soń Aral boyı shólistanlıqlardı hám qúdiretli Ámiwdáryanı jaǵaladı. Sonıń menen birge xalıq mádeniyatında oyınlardıń joq ekenligi, bunıń eń áhmiyetli sebeplerinen biri kóshpeli túrmıs tárizi edi, xalıq oyınınıń dóreliwi hám rawajlanıwı ushın, jáne birge qosıqshılıq rawajlanıwı ushın kópshilik penen birgeliktegi mehriban jámáát doslar kerek edi. Heshqanday gúman joq, qaraqalpaqlardıń birinshi oyın kórinisleri – áyyemgi ańshılar, sharwashılıq, diyqanlardıń miynetin sáwlelendiriwshi, tábiyat hádiyseleri, haywanlar, quslar, jırtqıshlardıń ádetlerin illyustrativ tárizde sáwlelendiriwshi ritmikalıq pantomimo, tábiyattıń kelip shıǵıwın kórsetiwshi háreketlerdiń, adamlar turmısında júz bergenligi, biraq málim turmıs sharayatı sebepli oyında rawajlanbaǵan, kópshiligi joytılıp, umıtılıp ketken. Jaqın ótken zamanda da yarım

kóshpeli turmıs tárizin alıp barǵan, eski sovet awqamı dáwirine shekem ayaq-oyınına iye bolmaǵan qazaq xalqında oyın kórkem óneriniń qáliplesiwine arnalǵan L.P.Sarinovanıń izertlew materiallarında bul xalıqtıń yarım kóshpeli turmıs tárizi, xalıq ómiri, turmısı haqqında aytıp ótedi. [2. A.Júzimbetov, A.Abdiyev, B.58-60] Biraq, qaraqalpaq xalqınıń keypiyatı hám ishki sezimlerin plastik ańlatıwı júdá joqarı dárejede rawajlanǵan edi. Qaraqalpaqlar tuwrıdan-tuwrı sóylewdi, dialogtı, qosıq aytıwdı, mimikalıq háreketlerdi, hártúrli dene háreketleri menen bekkemlenip baradı, biraq bular improvizaciyanı ańlatpaydı, bálki hár bir qaraqalpaq ushın belgili bolǵan belgili nızamlılastırılǵan dene háreketleri kompleksiniń bir bólegi bolıp tabıladı. Hárqanday qaraqalpaq ol yamasa bul jaǵday ushın belgilengen bul dene háreketlerin, ondaǵı qol háreketi, mimikaların biliwi hám olardan paydalanıwı shárt edi.

Rawajlanǵan dene háreketleri kompleksiniń bar ekenligi, adamlardıń oy-pikiri hám sezimlerdi plastik ańlatıwǵa bolǵan muhabbatı qaraqalpaqlardıń oyını kórkem ónerinde júdá iykemlesken bolıwı, oyınınıń qısqa waqıt ishinde qáliplesiwi, tek ǵana saxna shıǵarmalarında emes, bálkim xalıq ómirindegi múmkinshiligine isenim payda boldı. Haqıyqatında da, qaraqalpaq oyını tań qalarlıq dárejede qısqa waqıt ishinde payda boldı hám qáliplesti, onıń tuwılıwınıń pútkil procesi 1956-jılı jaz máwsiminen 1959-jılı qıs máwsimine shekemgi úsh jıldan kemirek waqtın aldı. Biraq bul dawir qaraqalpaq xalqınıń dene háreketi mádeniyatınıń rawajlanǵanlıǵın esapqa alsaq, bul qısqa bolıp kórinbeydi hám oyın jaratıw faktın qaraqalpaq mádeniyatın pútkil rawajlanıw procesinen ajıratıp bolmaydı. [3. Петросова Е.А. В.102] Revolyuciyadan keyin tez pát penen Qaraqalpaqstanda teatr hám muzıkalı háweskerler dógerekleri shólkemlestirildi.

1920-jıllar aqırlarında professional teatr payda boldı. 30-jıllardıń aqırında jergilikli radio esittiriw komiteti janınan birinshi milliy muzıka, qosıq hám oyını ansambli dúzildi. Durıs, ol waqıtları oyın jaratılıwına umtılıw ele aytarlıqtay bolmadı. 40-jıllarda oyın jaratıw boyınsha jumıslar da tabıslı kelmedi. Biraq, bul tájiriybelerdiń barlıǵı oyındı dóretiwge qaratılǵan ilajlar keyingi oyınnıń dóreliwinde áhmiyetli boldı.

Belgili ózbek baletmeysteri Ali Ardobus Ibragimov 1944-1945-jılları birqansha qaraqalpaq oyınların jarattı. Olar ózbek professional hám háwesker jámáátleri repertuarlarınan orın aldı, biraq qaraqalpaqlar bul oyınlardı atqara almadı. Sonıń menen birge 1956-1959-jılları ózbek xoreografiyası wákili Elizaveta Petrosova jaratqan oyınları, qaraqalpaq xalqınıń keń qatlamları tárepinen jaqsı kútip alındı, bul saxnalastırılǵan oyınlar ayaq-oyını ansambli repertuarlarına kirgizildi hám kúndelikli turmıs tárizine de kirip bardı. Sonı da aytıw kerek, Ali Ardobus jaratqan oyınlar ózine tán ózgesheligi menen ajıralıp turdı, olar qaraqalpaqlar xarakteriniń tipik qásiyetlerin júdá tabıslı ańlatadı, oyın háreketleri bolsa adamlardıń dene háreketleriniń ayrıqsha plastikasın sáwlelendiredi hám soǵan qaramay ómirdegi bar bolǵan proceslerdi sáwlelendiriw ushın tayar emes edi. Mısalı, baletmeyster sol waqıttaǵı xalıq oyını, basqa da kórkem óner túrleri rawajlanıwı ushın belgili bir basqıshlarǵa iye bolıwı waqıttı talap etken.

Túrli xalıqlardıń xalıq oyını óz jolınan ketken bolsa da, onıń rawajlanıwınıń tiykarǵı nızamlılıqları uqsas keledi. [4. Жумасеитова Г. В.59] Bizge belgili, oyın ritmi miynet ritmin sáwlelendiriwden basqa zat emes, dúnyanıń eń áyyemgi xalıqları oyın temaları diapazonı miynet usılların, haywanlardıń ádetlerin, tábiyat hádiyselerin sáwlelendirgen...

Bul temalar turmıslıq tásirlerdi tikkeley sáwlelendiriwshi háreketlerde, kózge kórinetuǵın túsinikli, yaǵnıy illyustrativ háreketlerde ashıp berilgen.

Qaraqalpaqstanda Ali Ardobus Ibragimovtıń jaratqan oyınları qashannan berli turmıs hádiyseleriniń anıq nusqası sebepli ómirdi túsinikli háreketlerde sáwlelendiriwshi súwretleme oyınlar tiykarında payda bolǵan «taza» oyınlar edi. «Jańa» oyındı ullı xoreografiyalıq mádeniyat iyesi bolǵan ózbek xalqı qabıl etken bolsa da, qaraqalpaqlar onı qabıl ete almadı, sebebi onıń quramalı súwretleme obrazların jetkerip beriw qıyın edi. [5. Фомкин А. В., В.78] Elizaveta Petrosova basqasha jol tutqan edi. Oyınlar jaratıwdı baslawdan aldın ol insan miyneti hám tábiyat turmısına arnalǵan túsinikli hám xalıqqa jaqın bolǵan temalardı tańladı. Miynet procesleriniń ayrıqsha usılların úyreniw, tábiyattıń ózine tánligin ańlaw hám kóriw ushın Petrosova alıs aymaqlarǵa sayaxat qıldı, kiyiz tayarlaw ushın arteller jumısların dıqqat penen kórip shıqtı, Ámiwdarya hám Aral teńizindegi balıqshılardı gúzetti, yarım araldıń mámleketlik xojalıqlarınan birinde tor toqıwdı úyrendi. Moynaqta balıqshılar menen birgelikte qayıqlar menen teńizge shıqtı, baqsılardıń qosıqları hám erteklerin birneshe saatlap tıńladı, hár túrli eski xalıq oyınları ótkeriletuǵın dástúriy, milliy jaslar keshelerinde qatnasıp, gilem, kiyiz hám gezlemelerge sızılǵan súwretlerdiń ózine say grafikasın dıqqat penen úyrendi. Waqıttıń ótiwi menen keleshektegi oyınlardıń háreketleri áste qaliplese basladı. Petrosova tárepinen Qaraqalpaq qosıq hám ayaq-

oyını ansamblinde saxnalastırılǵan birinshi oyınlarınan biri bul «Kiyiz toqıw» dep ataladı.

... Jeńil tolqınlarda súzip júrgendey, jay háreket penen tómenge hám joqarıǵa áste terbenip, qızlar kóyleginiń etegine júndi salıp áste shıǵadı. Qolınıń jumsaq háreketi menen olar kóylek etegindegi júndi jerge silkitip hám bir dizeni búgip otıradı, qoldı tez, shaqqan háreketler menen silkitedi hám onı sıypaydı. Keyin olar ornınan turıp, qolların arqasına qoyıp, denesin keskin túrde ońǵa hám shepke burıp, bir tegis emes háreketi menen sekirip, taqıldatıp, jumsaq jún materialın sıǵıp shıǵadı. Jáne jeńil háreket penen ayaqların búgip otırıp, qolların anıq mayda silkiniw háreketleri menen qaptalǵa jayıp, alaqanların tómenge qaratıp, tap sol júnli materialdı tegis qatlamǵa qoyıp taqlap atırǵanday kórinisti kórsetedi. Keyin, olar bir dizeden kóterilip, naǵıs ushın mólsherlengen jún jiplerin tartıp, taqlaydı hám olardı dizesinen joqarıǵa shıraylı tárizde ótkizedi.



***Qaraqalpaq milliy taǵınshaqları «Háykel» hám «óńirmonshaq»***

Qızlar shashların tegislep, kóylektegi jaman nárselerdi qaǵıp taslaydı, kókiregindegi taǵınshaqlardı tuwrılaydı hám toqılǵan kiyizdi alıp, júdá jaqsı keypiyatta ketedi.

Usı oyın kiyizdi tayarlawdıń bir pútin tolıq procesin sáwlelendiredi hám oyın súwretlemelerinde illyustrativ «miyne» háreketlerine tiykarlanǵan bolsa da, anıq miynet procesi háreketlerin derlik tolıq tákirarlaydı, biraq ol poetikalıq, janlı hám shaqqanlıq háreketleri bolıp shıǵadı.

Oyın kompoziciyası menen bir waqıtta «Nazlı» jeke atqarıwshı oyını saxnalastırıldı. «Nazlı» oyınında syujet yamasa súwretleytuǵın ıma-ishara belgilerge iye emes. Ol kóp sanlı aylanıwlar hám keń kólemdegi qol háreketleri menen bayıtılǵan. Biraq sheńberde aylanıw, qollardıń ushatuǵın háreketleri – bulardıń barlıǵı tiykarǵı qaraqalpaq dene háreketlerinen bolıp tabıladı. «Nazlı» kúshli adamnıń quwanıshı haqqında aytıladı, bul «taza», «pák» sezim tuyǵılardı jetkeretuǵın «jańa» ayaqoyını. [6. Usnatdinov SH., B.73] Jumısınıń dáslepki jıllarında Petrosova bir qatar oyınlardı jarattı – 1) miynet; 2) eliklew (haywanat álemin, tábiyat dúnyasın sáwlelendiriwshi); 3) oyınlar (xalıq oyınları, dástúrleri, bayram salt-dástúrlerin sáwlelendiriwshi); 4) lirikalıq (insannıń ruwxıy álemin sáwlelendiriwshi); ol ǵalabalıq, duet hám jeke atqarıwshı oyınlar, qosıq hám oyın ansambli atqarıwshıları ushın oyınlar, dramalıq hám muzıkalıq shınıǵıwlar ushın oyınlardı jarattı; saxnalıq oyınlar hám haqıyqıy ruwxta xalıqtıń bayram dástúrlerinde atqarǵanın kóremiz.

## Ádebiyatlar


1. «Энциклопедический музыкальный словарь». Гос.науч.изд-во. Москва 1959 г. Стр.293
2. Júzimbetov A., Abdiyev A. «Mádeniyat hám sport» gazetası.
3. Петросова Е.А. «Каракалпакский танец». –Т.: 1976.
4. Жумасеитова Г. «Хореография Казахстан». – Алматы: Жибек жолы, 2010
5. Фомкин А. В. Духовно-нравственные традиции балетного образования» [Электронный ресурс]. URL: www.vaganova.ru/files/Duhovno-nravstv_fomkin.doc (дата обращения: 06.08.2016)
6. Usnatdinov SH. "Полат Мадреймов – биринши қарақалпақ балетмейстери". – Нөкис: Қарақалпақстан, 2011.

**REZYUME.** Dastlab, raqs so‘z va musiqa bilan birlikda bo‘lgan, lekin asta-sekin barqaror shakllarga ega bo‘lib, sinkretik san'atdan ajralib chiqa boshlagan. Harakatlar o‘zgardi, badiiy umumlashtirishga duchor bo‘ldi, natijada xalq amaliy san’atining eng qadimgi ko‘rinishlaridan biri bo‘lgan raqs san’ati shakllandi. Raqs san’atining asosiy ekspressiv vositalari – uyg‘un harakatlar va duruşlar, plastik ekspressivlik va mimika, dinamika, harakat tempi va ritmi, fazoviy naqsh, kompozitsiya.

**РЕЗЮМЕ.** Изначально танец находился в единстве со словом и музыкой, но постепенно стал отделяться от синкретического искусства, приобретая устойчивые формы. Движения видоизменялись, подвергались художественному обобщению, в результате чего формировалось искусство танца, одно из древнейших проявлений народного творчества. Основными выразительными средствами танцевального искусства являются слаженность движений и поз, пластическая выразительность и мимика, динамика, темп и ритм движения, пространственный рисунок, композиция.

**SUMMARY.** Initially, the dance was in unity with the word and music, but gradually began to separate from the syncretic art, acquiring stable forms. The movements changed, were subjected to artistic generalization, as a result of which the art of dance was formed, one of the oldest manifestations of folk art. The main expressive means of dance art are harmonious movements and postures, plastic expressiveness and facial expressions, dynamics, tempo and rhythm of movement, spatial pattern, composition.

UDK.90-91. 2938 (2023)

# DRAMA HÁM MUZÍKALÍ DRAMA JANRLARÍNÍŃ RAWAJLANÍWÍ

**A.Zamatdinov** – *oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** Teatr san’ati, spektakl, milliy kolorit, rejissyor, dekoratsiya, musiqa, tarixiy unsurlar, xalq qo‘shiqlari, og‘zaki xalq amaliy san’ati.

**Ключевые слова:** Театральное искусство, спектакль, национальный колорит, режиссёр, декорация, музыка, исторические элементы, народная песня, устное народное творчество.

**Key words:** Theatrical art, performance, national color, director, decoration, music, historical elements, folk song, oral folk art.

XX ásirdiń II yarımında qaraqalpaq kórkem ónerinde kóplegen jetiskenlikler payda bola basladı. Sol dáwirde qaraqalpaq draması hám muzıkalı draması hár tárepleme rawajlanıp hám usı tarawdıń repertuarları keńeyip bara basladı. Milliy dramaturgiyamız rawajlandı.

S.Xojaniyazov, P.Tilegenov, T.Seytjanov, T.Jumamuratovlar pнesaları repertuardan keń orın aldı. Bul jılları tiykarınan urıstan keyingi qayta qurıw dáwirindegi temalarǵa baǵıshlandı.

Milliy dramaturglerimiz benen birge jáhán dramaturgleriniń klassikalıq shıǵarmaları orın aldı. N.Ostrovskiydiń «Jarlılıq ayıp emes», K.Simonovtıń «Russ máselesi», B.Lavrentievtiń «Amerika hawazı», U.Gadjibekovtıń «Qızı gúl», N.Gogoldiń «Revizor», I.Frankonıń «Urlanǵan baxıt», Molyerdiń «Tortyuv», T.Jalilovtıń «Aftobxon», M.Levievtiń «Altın kól» dramalıq shıǵarmaları orın aldı. Bul shıǵarmalar saxnada qoyılıwı ushın atqarıwshılarǵa bolǵan talap kúshli boldı. Sebebi olar drama hám muzıkalıq drama bolǵan eki túrli janrdı da teńdey alıp barıwı kerek edi. Yaǵnıy hárbir artistten bir waqıttıń ózinde hám aktyorlıq uqıbı hám qosıq aytıw sheberligi talap etildi. [1. Abdusamatov, B.87] Usı eki tarawdıń rawajlanıwına baylanıslı muzıkada birneshe janrlar payda bola basladı. Muzıkalı drama janrında A.Xalimov penen J.Shamuratovlardıń úlesi girewli J.Shamuratov milliy muzıkalarımızdı duwtarda shertip, xalqımızdıń úrp-ádetlerin, dástúrlerin A.Xalimovqa úyretse, ol bul muzıkalardı notaǵa kóshirip, birgelikte professional namalar dóretedi. Usı sebep birgelikte kóplegen spektakllerge muzıkalar jazadı hám sol waqıtları A.Xalimov teatrdıń bas derijyorı etip tayınlanadı. Sol jılları A.Xalimov hám J.Shamuratov «Aygúl-Abat», «Súymegenge súykenbe», «Berdaq» muzıkalı komediya hám dramalarına muzıka jazadı, A.Xalimov J.Aymurzaevtıń «Aral qızı», «Ámiwdárya boyında», S.Xojaniyazovtıń «Jas júrekler», A.Begimov hám T.Allanazarovtıń «Gárip-Ashıq» pyesalarına muzıka dóretedi. N.Dáwqaraevtıń «Alpamıs» pyesasına V.Shafrannikov ólmes muzıka dóretedi.

1942-jılı saxnalastırılǵan bul spektakl urıs jıllarında xalıqta patriotlıq sezimdi oyatıp, jeńiske isenimdi ruwxlandırıp otıradı. V.Shafrannikov sonıńday xalıqshıl muzıkalar dóretip ruwxıy azıq